

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Dina ieu bab baris dijéntrékeun kacindekan dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran, nya éta ieu di handap.

Panaluntikan anu judulna *Ajén Réligi dina Kasenian Hadro di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut (Tilikan Sémiotik)*, ngagunakeun métode déskriptif anu diguar ku tiori sémiotik Charles Sanders Peirce jeung tiori ajén réligi ku E. Durheim anu hasilna nya éta, ayana kasenian hadro dilantarankeun piken nyébarkeun agama Islam ka Désa Bojong sangkan leuwih paheut jeug tuhu kana ajaran Islam. Dina hasil panalunhrikan kapanggih aya 17 ikon anu ti mimiti sajarah nepi ka prak-prakan magelarkeun kasenian hadro, disusul ku kapanggihna 8 indéks anu ngalantarankeun sabab jeung akibat ayana kasenian hadro, jeung 34 simbol anu méré ma'na dina kasenian hadro.

Tina hasil pedaran sémiotik nu ka paluruh yén ajén réligi masarakat Désa Bojong katitén kentel dina kaislamanana jeung tuhu kana aturan agama tur leuwih ningkatna kayakinan masarakat Bojong ti saprak ayana kasenian hadro, nu dilantarankeun geus teu dipakéna kagiatan-kagiatan anu sipatna Hindusme. Ku ayana kasenian hadro masarakat Bojong leuwih deukeut ka Pangéran.

Hasil anu diguar dina pedaran nu kapanggih nya éta yén masarakat Désa Bojong masih tuhu jeung patuh kana ajaran jeung kayakinanna anu kabéhdieunakun leuwih museur kana inti jeung tujuan agama Islam.

Tina hasil panalungtikan anu ngawujud kana ajén réligi dina kasenian hadro nu aya di Désa Bojong katitén kentel jeung tuhu kana ajaran karuhunna, lantaran masih dipakéna kagiatan nu ngawujud pikeun ngadeukeutkeun diri ka pangéran. Salian ti éta, ku kamajuan jaman, ajén-inajén réligi masarakat Bojong ka béhdieunakeun katitén ningkat, sabab leuwih museur kana inti agama Islam jeung ninggalkeun kabiasaan anu sipatna Hindusme anu dipaké dina unggal péntasan hadro baheula. Kaseian hadro mawa pangaruh pisan dina mekarna agama Islam pikeun maheutkeun kayakinan masarakat Désa Bojong supaya leuwih ngadeukeutkeun diri ka Pangéran.

## 5.2. Saran

Sanggeus réngsé nalungtik Ajén Réligi dina Kasenian Hadro di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut (Tilikan Sémiotik), loba pisan mangpaat jeung pangalaman anu moal bisa digantian ku nanaon. Dipiharep tina ieu hasil panalungtikan bisa mangpaat, utamana dina widang pangaweruh pikeun masarakat anu umumna can apal, jeung panalungtik miharep sakabéh masarakat utamana masarakat Désa Bojong bisa mertahankeun tradisi nu aya di Désa Bojong pikeun kalangsungan generasi turun-tumurun jeung bisa méré pangaruh ka pamaréntah hususna widang pariwisata jeung kabudayaan supaya leuwih diperhatikeun deui jeung bisa dipertahankeun ku cara méré kontribusi hususna ka anu ngurus kasenian Hadro umumna kana kasenian jeung kabudayaan anu lian. Dina ieu panalungtikan loba kénéh ajén-inajén anu masih can ka guar, boh dina ajén réligi bog dina ajén anu lian. Ku kituna, dipiharep keur panalungtikan satuluyna bisa medar jeung ngaguar sagala rupa anu aya dina kasenian hadro, sabab anu apal ngeunaan kasenian hadro teu pati loba, dipiharep kabudayaan Sunda hususna kasenian hadro tetep jaya di buana.